



Sekirite Chofaj nan Kay



Ekipman chofaj se premye kòz ensandi nan kay pandan mwa desanm, janvye ak fevriye.

Pifò lanmò ensandi chofaf enplike aparèy chofaj.

Règ 3 Pye a! Kenbe tout sa ki ka boule omwens a twa pye de sa k ap chofe.

Chemine yo bezwen entretyen! Fè yo enspekte yo e netwaye yon fwa pa ane!

Bouji ka komanse yon ensandi

- Toujou etenn bouji yo lè w ap kite yon pyès
- Timoun ak bêt kay ka brile pa aksidan si yo ranvèse bouji yo. Eseye bouji san flanm yo kòm altènativ ki gen mwens danje.
- Pa janm kite flanm, bouji, oswa chemine yo san sipèvizyon



Prekosyon Sekirite Debaz yo

- Etenn chofaj pòtab yo lè w ap kite sal la oswa ale nan kabann.
- Gen yon règ pou tout timoun rete a 3 pye lwen de tout zòn bò chemine ak aparèy chofaj
- Kenbe tout mèb, rido ak zòrye omwens a 12 pou de anba chofaj yo.
- Tout ekipman ki ka boule dwe ayere deyò kay ou.
- Monoksid Kabòn (CO) se yon gaz pwazon, ki pa gen odè ki sòti nan sa k ap boule. Pwazon CO ka tiye w.
- Enstale detektè lafimen ak detektè CO nan chak etaj, chak chanm ak deyò tout zòn kote moun dòmi.



Sekirite Chofaj nan Kay




Chemine ak recho Bwa

- Chemine ak sistèm chofaj dwe enspekte, netwaye, ak repare chak ane.
- Toujou itilize yon ekran an metal pou kenbe etensèl yo.
- Kenbe tout sa ki ka boule omwens a 3 pye de tout chemine.
- Netwaye sann ki fret yo e mete yo nan yon vesò an metal.



Chofaj Pòtab

- Kenbe chofaj pòtab yo 3 pye lwen de tout sa ki ka boule fasil.
- Toujou mete chofaj pòtab yo sou sifas ki plat e ploge yo dirèkteman nan yon mi, pa nan yon fil ekstansyon.
- Toujou etenn chojaf la lè w ap sòti de pyès la oswa ale domi



Chwazi yon chofaj pòtab ak kontwòl tanperati e yon aparèy ki ka etenn otomatikman



EXCELLENCE TODAY

IMPROVING TOMORROW